# Yo Ouvri Sant pou Retablisman apre Katastwòf nan Konte Brevard, Okeechobee

**Release Date: October 21, 2022**

**TALLAHASSEE** – Eta Florida ak FEMA ouvri de Sant pou Retablisman apre Katastwòf (DRC) anplis nan Konte Brevard ak Okeechobee.

**KONTE BREVARD**

**Cuyler Park Community Center**, 2329 Harry T. Moore Ave., Mims, FL 32754

Orè: 8 a.m. pou 7 p.m. chak jou

**KONTE OKEECHOBEE**

**Okeechobee County Library**, 206 SW 16th St., Okeechobee, FL 34974

Orè: 9 a.m. pou 6 p.m. chak jou

Sant pou Retablisman apre Katastwòf yo bay moun ki sinistre nan katastwòf yo enfòmasyon ki soti nan ajans
eta Florida yo, FEMA ak U.S. Small Business Administration. Sivivan katastwòf yo kapab jwenn èd lè yo aplike pou asistans federal ak prè pou katastwòf, modifye aplikasyon yo epi jwenn enfòmasyon sou lòt resous ki disponib.

Lòt sant ap fonksyone nan lokal sa yo, 9 a.m. rive 6 p.m. sèt jou pa semèn sòf si yo te note otreman.

## KONTE CHARLOTTE

Tringali Rec Center, 3450 N Access Rd., Englewood, FL 34224

Lè nou louvri: 8 a.m. pou rive 7 p.m.

## KONTE COLLIER

Veterans Community Park, 1895 Veterans Park Drive, Naples, 34109

## KONTE DESOTO

Bibliyotèk DeSoto: 125 N Hillsborough Ave., Arcadia, Fl 34266

Orè: 8 a.m. pou rive 7 p.m.

## KONTE HARDEE

Wauchula Civic Center, 515 Civic Center Dr., Wauchula, FL 33873

## KONTE HIGHLANDS

Biwo Ekstansyon Konte Highlands, 4509 George Blvd., Sebring, FL 33875

## KONTE LAKE

Premye Legliz Batis nan Konte Astor Lake, 24731 Ann St., Astor FL 32102

**KONTE LEE**

Lakes Regional Library, 15290 Bass Road, Fort Myers, FL 33919

Orè: 8 a.m. pou rive 7 p.m.

**KONTE LEE**

Fort Myers DMS Building, 2295 Victoria Ave., Fort Myers, FL 33901

Orè: 8 a.m. pou rive 7 p.m.

**KONTE ORANGE**

Barnett Park, 4801 W. Colonial Dr., Orlando, FL 32808

**KONTE OSCEOLA**

Hart Memorial Central Library, 211 E. Dakin Avenue, Kissimmee, FL 34741

**KONTE POLK**

W.H. Stuart Center, 1702 S. Holland Pkwy, Bartow, FL 33830

**KONTE SARASOTA**

Shannon Staub Public Library, 4675 Career Lane, North Port, FL 34289

**KONTE SEMINOLE**

Seminole State College - Barbara Miller Automotive Center, 100 Weldon Blvd., Sanford, FL 32773

**KONTE ST JOHNS**

Wind Mitigation Building, 3111 Agricultural Center Dr., St. Augustine, FL 32092

**KONTE VOLUSIA**

Volusia County Health Department, 1845 Holsonback Drive, Daytona Beach, FL 32117

Li pa nesesè pou yon moun ale nan yon sant pou li aplike. Moun ki sinistre yo kapab ale sou sit entènèt disasterassistance.gov, itilize aplikasyon mobil FEMA a oswa rele 800-621-3362. Liy telefòn lan disponib chak jou sòti 7 a.m. rive 11 p.m. Lè nan Lès. Èd la disponib nan pifò lang. Si ou ap itilize yon sèvis relè, tankou relè videyo (VRS), soutit pou telefòn oswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo pou sèvis sa a. Pou wè yon videyo ki aksesib sou fason pou aplike, vizite: Twa Fason pou Enskri pou Asistans FEMA pou Katastwòf - YouTube.

Sèvis entèpretasyon ak materyèl tradwi disponib nan sant sa yo pou ede w kominike nan lang ou santi w pi alèz la. Yo chwazi lokal Sant retabliman pou Katastwòf yo paske yo aksesib, nan objektif pou rive jwenn plis moun posib.

Mete sou sant yo, ekip FEMA Disaster Survivor Assistance, DSA (Asistans FEMA pou Sivivan Katastwòf) yo ap

mache nan tout katye ki anndan zòn Siklòn Ian te frape pi plis yo pou ede moun ki rete la yo aplike pou aistans FEMA a epi reponn kesyon yo kapab genyen sou asistans federal. Ekip DSA yo gen inifòm FEMA sou yo epi yo gen badj idantifikasyon federal ki gen foto yo ladan l. Sèvis sa a gratis.

Asistans Endividyèl FEMA a kapab ede nan depans tanporè pou lojman yo, ti reparasyon nan kay yo ak lòt bezwen esansyèl moun kapab genyen apre katastwòf.